ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГСКОЕ СЛОВО

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№138 (21.296) ● 2008 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 18, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Хъурей Ф.А. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд ІыандэрэІ хьэлэлу зэрылажьэм икІи жылагъуэ Іуэхущафэхэм жыдзэру зэрыхэтым папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Хьурей Феликс Ахьмэд и кІуэм** - «БизнесымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институт» къэралым бгъэдэмыльэ ящІэ Іуэхущ ІапІэм и директорым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м*
*№81-УП*

## ● КЪБР-м и Правительствэм

***Иджыблагъэ республикэм и Правительствэм ирагъэжьауэ Іа зи чэзу зэІущІэм республикэм и экономикэм и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я дежкІэ мыхьэнэ нэхъыщІэ зиІэ Іуэху зыбжанэм щыхэплъащ.**

## Сабий ныкъуэдыкъуэхэм хуащІ гульытэм хагъахъуэ

**ЗэІущІэм щыІаІыгъащ «2008 - 2010 гъэхэм зи уэныщагъэм сэкъат иІэ сабийхэмрэ сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрышІагъадэжр екъабГэкІуэным теухуа республикэ программэ хэхам и Іуэхукіэ» законопроектыр.**

КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр ЩхьэгъэпсО Сэфарбий зэрыжиІамкІэ, зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабийхэр, сабий ныкъуэдыкъуэхэр гъащІэм хэзэгъэнымкІэ, ІэщІагъэ зэмылІэужьыгъэр зрагъэгъуэтыныкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ абыхэм щІэныгъэ тэмэм егъэгъуэтыным. Министрым кьыхигъащаг апхуэдэ сабийхэм я псэкІэр егъэфакІуэным, ахэр гащІэм и дзэтхэнэ ІэнатІэмэ нэхъ жыдзэру кьешІэІэным а законопроектыр хуэунэтІауэ зэрыщытыр.

Зи узыншагъэр зэкІэлъыкІуэ сабийхэм ящІэныгъэмкІэ программэм кьегъуэв кьалэхэм, районхэм, зэрыщыту республикэм абыхэм ящыщу еджапІэхэм мыкІуэфынуэр унэм щІэсу егъэджэныкІэ щыІэ Іэмалхэр яубхуэну, сабий ныкъуэдыкъуэхэм зэрадэлажьэну программэхмрэ технологиехмкІэ еджапІэ псори кьыхэрагъэпэщыну. Абыхэм кьаджкІуэу, школ хэхахэм, интернат школхэм я классхэм нэхъыжьхэм щІэсхэр ІэщІагъэм зыхуагъэсэн папщІэ, предприятэхэм ирагъэбыдыдІэнуц, еджэн зыухахэм КъБР-м профессиональнэ егъэджэныгъэмкІэ и Іуэхущапхэхэм бюджетым и хьэкъкІэ Іэщ Іагъэ щрагъэгъэуцнуц. ЕджапІэ псоми штаткІэ щылажьхэм хагъэхьэнуц дефектологхэр, логопедхэр.

## Фадэ зэращэм теухуа декларацэ хуеижкъым

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и зэІущІэм къару имыІэжу кьышальытащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щрагъэкІуэкІ розницэ сатум фалъэкІэхэр зэрышащэм теухуа декларацэм и Іуэхукіэ» Правительствэм кьиштауэ щыта унафэр. Апхуэдизу КЪБР-м Административнэ кьуаншагъэхэмкІэ и колегиэм зыхуэфащэ зэхьэзэкІыныгъэхэр хэльхьэн хуейуэ кьызэральытэм теухуауэ Правительствэм хэтхэм Іэ я Іэтащ.

РЕСПУБЛИКЭМ экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, а унафэр хуэунэтІащ «Хьэрычэт лъжьыгъэ щрагъэкІуэкІи Іэ зэуалІэ административнэ пэмэ ІкІэ щІыпІэкІэ гъэкІуэдыным и Іуэхущ».

УФ-м и Президентым кьыдигъэкІа Указыр гъэзэщІным, хьэрычэт Іуэху мыинымрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ нэхъ псынщІэу зегъэужьыным. Розницэ сатум фадэхэкІхэр щащэн папщІэ лицензэ къеІэзыха хьэрычэт лъжьакІуэхэм дяпэкІэ КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм иратынукъым фадэхэкІыу ящар зыхуэдизыр, а фадэхэкІхэр зыхуэдэр, иэгъуэщІхэри кьыщыдгъэзагъуэ декларацэр. Апхуэдизу щыщытКІэ, а декларацэр и эманым зымытхэр жэуапым ещІэлІэным теухуауэ КЪБР-м Административнэ кьуаншагъэхэмкІэ и кодексым иІ Іыхьэмэ зэхуэсыкІыныгъэхэр халъхьэнущ.

Дыззэрыщыгъуазэщи, республикэм и Правительствэм зэкІэлъыкІуэу егъэкІуэд хьэрычэт лъжьакІуэхэм ящІэныгъэ. Зы мазэ яІэкІэ абы кьиштащи кьэрал кьэпщытакІуэ органым зы юридическэ ІэнатІэр е хьэрычэт Іэмалкіуэ щхьэхэр иІъэсищым зэ фІэкІа кьипщытэну хуиныту зыгъэув унафэр.

## Электрон Іэмалхэр кьагъэсэбэн

**Республикэм и Правительствэм и зэІущІэм кьышащтащ КЪБР-м и Уней лъапсэхэм я учетыр зэрырагъэжьауэ Іэ хабзэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я администрацэхэм чэнджэщ ираташ абы папщІэ электрон Іэмалхэр кьагъэсэбэным.**

КЪБР- м ЭКОНОМИКЭ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, республикэм и кІуачэ административнэ щІыналъэхэр информацІкІэ кьыдэрызэрагъэпэщ автоматикэ системэ зэрагъэувам кьыхэкІыу уней лъапсэхэм я учетыр электрон Іэмалхэр кьагъэсэбэнуп зэдапэкІи ирагъэкІуэкІыфынущ.

Абы папщІэ зыхуэунэу ЩІыгъаэ Іэмалхэр ирагъэзэжащ. АджкІэ жылагъуэ псоми информацІкІэ кьызэзыгъэпэщ Іэмалхэр зыуэ зэгъагъэхьэжынущ икІи абы и фІыщІэкІэ дэнэ щІыпІи щыІэ уней щІапІэхэм я учетым игъуэт зэхьэхЫныгъэхэм зэпымыуэу кІэтыпытыфынущ.

**ХЬЭПЭ Мариндж.**

## Хэкум кьэзыгъэзэжахэм я махуэм зыхуагъэхьэзыр

АДЫГЕЙ. *Косовэ щыпсэуа адыгэхэр Адыгейм кьызэрагъэпэщ ильэситыкІ щрикьу махуэр республикэм хэЗэтыкІауэ щагъэльэпІэнуц. КьызэгъэзэщІкІуэ комитетым и унафэщІу яГъэуащ АР-м льэпкъ Іуэхуэхэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и комитетым и тхьэмадэ ПІэтІокъуэ Аслъан.*

«ПОЛИТИКЭ, тхыдэ мыхьэнэуэ а Іуэхум иІэр кьалытэу Косовэ кьинкІыжа адыгэхэм я хэкуэкъ кьыщагъэзэжа махуэр репатриантхэм я махуэу ягъэуващ. 2008 гъэм ар ильэситщІ зэрырикъур ХэІэтыкІауэ ягъэльапІэнущ, концертхэр зэхашэнущ, гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэр, сурэт гъэльэгъуэныгъэхэр екІуэкІынущ, Урыс-Кавказ зауэм (1763 - 1864 гъ.) хэкІуэдахэм я фэеплъ сыным удз гъэгъахэр тралъхьэнущ, жармыкІэ зэхэтынущ», - жиІащ ПІэтІокъуэ Аслъан.

## Макушкэ Иван щогугъ

АБХЬАЗ. *Урысей Федерациэмрэ Белоруссиемрэ я Союз къэралыгъуэм хьыхьэнкІэ хьунущ Абхъазымрэ Осетие Ипшэмрэ. Иджыблагъэ апхуэдэ хьыбар зэбгрыкъэхащ Союз зэгухьэныгъэм и къэрал секретарым и пресс-секретарь Макушкэ Иван.*

«АР КЪЭМЫХЬУН Іуэхугъуэгу щыткым. Абхъазым нэгъэущІ къэрал ІуэхуэмкІэ и министр Шамбэ Сергей мыхэ-мытІэу къыхихыгъэщащ УФ-мрэ Белоруссиемрэ я Союз зэгухьэныгъэм зэрыкІэлъыплъыр икІи абы хьыхьэн мурад зэриІэр. Иджы Абхъазымрэ Осетие Ипшэмрэ зыкьыхэтхуаГъаэзу щытмэ, шэч хэмылъу, абы дыхэплъэнущ. Куржым абыхэм я суверенитетыр кьымылытэзу щытмэ, абы щхьэкІэ кьэдгъэнэнукъым», - кьыхигъэщащ Макушкэ Иван.

## Сэтей къещІ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *КъШР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щыпсэуІэтэкІынэу республикэ законыр нэмыІблагъэ щыпсэІэ парламентым кьиштащ.*

ЗАКОНЫР игъэхьэзыращ щылналъэм и антитеррор комиссэм икІи ар хуэгъэпсащ Къэрэшей-Шэрджэсым террорист, экстремист щІэпхьаджагъэхэм щыпсэІэтыным, ар къэмыхьэн щхьэкІэ щыІэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэным, бзаджащІэхэр сэтей къэщІынэм, дим, льэпкъ зэпэщІэувэмыгъэхэр къэмыгъэхьэным, нэгъуэщІхэмэ. Ар гъэзэщІа хъун щхьэкІэ, республикэ бюджетым сом мелуан 37-рэ кьыхэкІынущ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● Лъэпкъ Іуэху

*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

**Налшык къалэм и уэрам нэхъыщхьэм тет «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейр цыху кІуэнІэщ. Абы кьыщыбгъуэтынущ адыгэ Іуэхум епха хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр, ди льэпкъым и тхьідэр кьэзыгъэльэгъуэж тхылъхэр, ди тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр, цыхуэбз, цыхухъу фащэхэр.**

**«Адыгэ унэм» и бжэр зэ нэхъ мыхьэмн Іуэныхэм жиІэфынуц ар льэпкъым и пСэуакІар уи нэгу кьыщІэзыгъэхьэж музейуэ зэрыщытыр. Мы Іуэхущапхэр зэрыІуам и Мэкъэдэр Асэрэ дэтхэнэ зэхэпшыпми и хьыбарым укъэгагъэдэІуэфынущ, ахэр кьыззэрыбгъэсэбэнынущ чэнджэщ щхьэпэхэмкІи кьыбдэгъэшынущ.**

**«Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и цІэр фІыкІэ зэрыІуам и щыхьэтщ республикэм кьакІуэ хьэщІэхэр абы зэрырагъэблагъэр икІи ди щІыналъэм зэрыщыІар ягу кьэзыгъэкІыжьын ягъэльапІэнущ.**

## ● «Абазэштэ» газетыр итъэс 70 мэхъу

## Лъэхъэнэм и гъуджэ

Ди къуэшу, ди щыпхьу абазэхэм гурэ псэкІэ дыныводхъуэхъу фи газетым и махуэшхуэмкІэ! Илъэс блыщІ хъуауэ «Абазэштэр» гуащІафІэу толажьэ льэпкъым и гъащІэр, и псэукІэр зэрелфІэкІуэным, анэдэлъхубзэм зэрызэкъуэжьым, щэнхабзэм и щапхъэфІхэм зэрызэубгъуным. «Абазэштэм» гулыbtэщхэу хуещІ тхыдэм и къэхъутэгъэ нэхъыщхьэхэр пэжым, захуагъэм я мардэхэм тету гъэльэгъуэным, дунейм и щІыпІэ куэдым щикъухьа абазэ-адыгэхэм я къекІуэкІыкІар, Іуэхущафхэр тэмэму Іуэтэным, цІыху пэрытхэм я ІэужьыфІхэр къэІэтыным, гъэльэпІэным.

УзэщІакІуэшхуэ щІэрыІуэ Къэзаноковъ Жэбагъэ зэрыжиІэгъащи, фифІ фымыгъэпуд, фи Іей фымыгъэпщкІу. Аращ «Адыгэ псалъэ» газетми я кьыхуэджэныгъэ нэхьыщхьэр.

Ди гуапэщ фи коллектив хьарзынэм узыншагъэ, дэрэжэгъуэ, гуащІэдэкІ ехьулІэныгъэ инхэр фиІэну, насып эви фыщымыщІэну!

***«Адыгэ псалъэ» газетым и лъжьакІуэхэр.***
***Налшык, 2008 гъэ, бадзэуэгъуэм и 17***

## Нобэ Налшык щекІуэкІынущ «Къэбэрдей-Балъкъэрым зэхъуэкІыныгъэхэр щегъэкІуэкІыным дрителъхьащ! Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ драбийщ!» республикэпсо пэкІу

## Хэкупсэ псори дызэкъуэвгъуэв!

**Экстремистхэм щІэрыщІэу я щхьэхэр кьаІэт. ГушІэгъэнущ ящ кьуІ республикэм мамырыгъэ, зэгурыІуэ ильыным телажьэ щІыналъэм исхэр зэрауштыну, ёзлыхь хадзэну хущІокъу.**

СЫТ ЩХЬЭКІЭ? Япэрауэ, къэзыгъэгушхуэ, мылъкукІи «къаХуэсакъ» бий бзаджэхэм, хамэ кьэралхэм кьикІа ІасхьащІэхэм, «мыправительствэ организацІэхэм» я лЫкІуэхэм, «фэфІ зрагъэпльыну» хэтщи. ЕтІуанэраУэ, ди щІыпІэм и политикэ, экономикэ, социальнэ зыужьыныгъэхэр бжэгъуу я нэхэм кьыщІоуэри.

Псом хэмылдэу игъуэджщ Іей зигу ильэ щІыхуэхэм ящыщ зыкъомми ильамыр гъэщІкІупІэ зэращІыр, диным кьыщыхьащІхэ хуэдэу зайщІуэр, Іуэху фІейхэр зэрагъэжьыр. Дэ фІыуэ дощІэ, быдэуи кьыжьдоІэ террористхэмрэ мусльымэныгъэмрэ зэрызэпэІэщІэр, абыхэм Іуэху льэпкъ зэрызэхъуамыІэр. Ардыдэр жаІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусльымэн Іуэхущапхэм и унафэщІхэми, Іммамхэми, духъэщыхэми.

Фы зигу илъ щІыхуэ хьэлэл псори щыгуфІыкІыу, сыт и льэныкъуэкІиефІакІуэу щІидзащ ди щІыналъэм: зеІэт экономикэм, мэщІэращІэ ди жыдагъуэхэр, нэрылъагъущ щэнхабзэм и льэбакъущІэхэри. А псоми гу лъатэну хуэмейуэ, нэгъуэдж фІыцІэ зыІэІулъхэм ещхьу, мыхьэмыщІагъэхэм фІэкІа зымыльагъуэхэм, къэрал Іуэхущапхэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр иэмыукІыгъагъэ хэльу зыубхэм, ер къэзыгъэІэщІыну, зыгъэбэгъуэну хэтхэм екІурабгъу яхудимыІэу дебэныи, я мурад бзаджэхэр зэпыдудыи хуейщ, «уи нэм кьеІэм и псэм еІэ» адыгэ псалъэжьыр ди гъуэзэу.

Дэтхэнэ щыху тэмэмми жыдджэру дэтІыгъыпхъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокьуэ Арсенрэ абы и лэжьыгъэхэмрэ я Іуэхущафэ дахэхэр. Дызэкъуэвгъэувэ хэкупсэ псори! Дызэкъуэтмэ, дыльэщщ!

**ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьамадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ.*

## Узытес къудамэр пыбупщІыж хъурэ?

Ди хэку дахэр бзылъхь хадзэну хуейуэ илъэс ещанэ дыандэрэ мыхьэмышІагъэрэ щІэпхьаджагъэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэрахьэм уи гур егъэуз. Дэ ерагъкІэ зыкъэтІэтыжу, ди псэукІэр едгъэфІэкІуэжу аращ. АтІэ, мамыру дызэрыпсэумрэ дызэрыдалажьэмрэ зигу темыхуэр хэт? ЩхьэхэущагъэкІэ Іэщэ кьыщІащтар, зыгуэр яукІмэ, ахьшэ кьрату? Я акъылор яГъэутхъуа дунейм кьыщыхуэ мыхьэумышІагъэхэр «дин кьабзэмкІэ» зэрагъэзэхуэжьи хуЕнуэ я фІэщ щІу? Хьэмэрэ кьызэрыгуэкІ лЫуІкІэ, тутнакъэщым ирамыгъэтІысхьауэ мыцыВІэну?

Куэдрэ кьагъэсэбэп псалъэми, идкьыри зэ ягу кьэдгъэкІыжьыщ: зы сабийм, зы анэм и нэпс къудамэм, зы цІыху гъащІэм пбгъэувыфын Іуэху мы дунейм теткым.

ЩэхурпхъуэхэмкІ кьагурыІуэркъым мы ди щІыпІэр мымамырмэ, ди мызакъуэу, езыхэр зытес къудамэри зэрыпаупщІыжыр. Зауэ-банэм фІы кьыхэзыха щыІэкъым. Зыгуэр букІмэ, уи псэм ёзлЫхь зэрыттеплъхъжыр, лажьэ зимыІэ зы унагъуэ насыпышІэ зэрыщІыр, бынэ адэ зиІэм екъуапсэу, анэр гуІэу кьызэрыНэр дауэ кьагурыдгъэІуэну мы лЫуКІхэм?

ЩхьэпахуэдэщІэ зыдэс жылэм ар ядэрэ, зы унафэ кьыщамыщІэрэ я льэпкъри я унагъэри Іуми эм ящІыным теухуауэ? ЩхьэМВД-м, ФСБ-м я унафэщІхэм я зэфІэкІыр кьамыгъэІуагъэрэ? Ди щынагъуэншагъэр кьызэзыгъэпэщын хуейр ахэращи, дэ дыхуиту кьысщохъу «фи кьалэныр вгъэзащІэ» яжеІэну.

Дэ ди хэку дахэр зэтезыкъутэн, къару мыхъумыщІэу щыІэр зэзышІалІэу кьызыгъэсэбэпын зэрыщыІэр пэжыращ, ауэ апхуэдизу кьабзэуи пэжщ ди льэпкъхъэм, дэ тщыщ дэтхэнэми яфІ зезыхуэ абыхэм зэрахэмытыр, ди республикэр зэхатхъуэмэ, псори зэхуэдэу гугъу дызэрехьнур.

**ЖЬАКІЭМЫХЪУ Кіунэ,**
*УФ-м щІыхь зиІэ и артисткъ.*

## Мамырыгъэм нэхъ льапІэ щыІэкъым

ПСОМИ ди нэгу щІокІ иужьрей зэманым КЪБР-м щекІуэкІ зэхьэжьІныныгъэфІхэр. И республикэм и щІыхь зиІэ Іуэхугъэ хуіщІэкъу ди Президентым и мурадыфІхэр, гугъапІэ инхэр дэтІыгъмэ, ди гъащІэр нэхъри ефІэкІуэнущ. Ар кьагуроІуэ ди щІыхьэм я нэхъыбапІэм. АрщхьэкІэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ зыужьыныгъэр зигу темыхуэхэри щыІэщ. Иужьрей зэманым ар нэхъ зыкъэпщІэ хъуащ. Фы зигу илъ, псори дызэкъуэувэу абы дыпэщІэтын хуейщ.

Сэ къэрал куэдым сыщыІащ, абыхэм щызекІуэ хабзэхэр слъэгъуащ. Ахэр зэщхькъым, ауэ зэзыгъэувалІэр зыщІ: зигу илъ псоми мамырыгъэм, зэпІэзэрытыгъэм, зэгурыІуэныгъэм зэрыхущІэкъурщ. Зэныкъэкъыу зэдащІэн хуейр спорт утыкурщ, фІым ухуэзышэ зэхъэзэхуэзэрщ. НэгъуэщІ зэныкъуэкъу яку дальэн хуейкъым дунейм тет цІыхухэм. Дэтхэнэми иІэщ езым и зэфІэкІыр къамыгъэІуагъэрэ? Ди щынагъуэншагъэр кьызэзыгъэпэщын хуейр ахэращи, дэ дыхуиту кьысщохъу «фи къалэныр вгъэзащІэ» яжеІэну.

Дэ ди хэку дахэр зэтезыкъутэн, къару мыхъумыщІэу щыІэр зэзышІалІэу кьызэзыгъэсэбэпын зэрыщыІэр пэжыращ, ауэ апхуэдизу кьабзэуи пэжщ ди льэпкъхъэм, дэ тщыщ дэтхэнэми яфІ зезыхуэ абыхэм зэрахэмытыр, ди республикэр зэхатхъуэмэ, псори зэхуэдэу гугъу дызэрехьнур.

*Зытхьжьар*
**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

## Къудамэ къаруушэхэр

**УФ-м щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и министр Фурсенко Андрей зэрыжиІамкІэ, мыгъэм зэхуащІыжынущ елжапІэ нэхъыщхьэхэм я къудамэхэу щыпалъэхэм щыІэ куэд.**

Абыхэм кьэрал лицензэхэр яІэнхъым икІи студентхэр зэрыщрагъаджэр Хуабжьу мыхьэнэншэщ. ЩхьэусыгъуэрКъызэрыгуэкІщ: езы егъэджакІуэхэм яхуэфащэн щІэныгъэ ябгъэдэлъкъым.

Ауэ студентхэр мыгузавэми хъунущ: ахэр щІатэтІысхьэнущ нэхъ щІэныгъэ куу кьезытыну вуэхэм.

***(ИТАР-ТАССС).***

## НОБЭ

◆ Илъэс 50 и пэкІэ (1958) кьызэрагъэпэщащ «СССР - Норвегие» обществэр (1992 гъэм кьыщыщІэдзауэ «Урысей-Норвегие» обществэщ).

◆ Бадзэуэгъуэм и 18 - 22-м Барселонэ (Испание) щекІуэкІынущ ЩІэныгъэм и европэ форум зэІуха.

◆Бадзэуэгъуэм и 18 - 31-хэм Федосие щекІуэкІынущ «Айвазовскэм и деж дыщохьэщІэ» XV дунейпсо фестивальр.

◆Бадзэуэгъуэм и 18 - 22-хэм Севастополь щекІуэкІынущ IV дунейпсо кинофестивальр.

◆ Илъэс 90 и пэкІэ (1918) кьалъхуащ ЮАР-м и къэрал, политикэ лэжьакІуэ, льэпкъ-щхьэхуитщІыжакІуэ зэщІэхъеныгъэм жыдэру хэта, апартеидым ерыщу пэщІэта, расэ зэхэтэжьныгъэр ягъэкІуэлъажьауэ ЮАР-м и япэ президенту ягъэува (1994 - 1999), Нобель и саугъэтым мамырыгъэмкІэ и лауреат **Манделэ Нельсон.**

◆ Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1933) кьалъхуащ урысей усакІуэ, тхакІуэ **Евтушенко Евгений.**

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 41-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ и 46-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъ 5-рэ.**

**ПІлапІэрэ зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.**

## Уэшхыщхуэхэр, уафэхьуэпскІэр

**Москва уэшхыщхуэ кьыщецІащ, уэрамхэмрэ льэсэ зекІуапІэхэмрэ псым щІигъэнащ, автомобиль куэд дыдэ гъэгъуэм щыгъэтрихьауэ. ЖьащІэм кьигъэуэ жьигъэм Іисраф ящІащ автомашинэ зыбжанэ.**

ЩІыху хэкІуэдакъым. Ауэ Башкирием насыпышІагъэ кьыщыхъуащ. Камэ псым и Іуфэм Іут зыгъэпскІыпІэм зыщІэзыгъэпсэхуэхэм кьафІэІуэхуакъым дунейр зэрызэІыхьар: жьы кьызэрепщэр, уафэр лъэщ зэрыгъуагъуэр. Арати, уафэхъуэпскІым иукІащ а зэманым жьп телефонкІэ псалъэ хьыджэбэ щыкІуэр абы и гъэнэгъуу щыта щІалэщІитІрэ.

Синоптикхэм къатым тепщІыхьмэ, зэман гъэнэгъум ди къэралым и щІыпІэ куэдым дуней щытыкІэхэм зыщІхьэужьнущ.

## Шыгъу зышхар...

**Москва и кьалэ судыр хэпльащ ФедерациэмкІэ Советым Къалмыкым и лЫкІуэу хэта Чахмахчян Левон и Іуэхум. Зэман зыбжанэ и пэкІэ сэтей кьалІащ щыташ сенаторым авиакомпанием ящыщ зым гъэщІагъэкІэ доллар мелуан 1,5-рэ кьыІэщІигъэкІауэ.**

Судым тезыру илъэсибгъу Чахмахчян трилъхащ. Абы и блыгущІэту щытахэм ящыр илъэси 8-кІэ, адрейр илъэси 7-кІэ лъэхъуэщым ясынущ.

## Пащтыхь унагъуэм и фэеплъ

**Дыгъуасэ Екатеринбург щагъэльэпІащ 1918 гъэм ящІа пащтыхь унагъуэм щыщхэм я фэеплъыр.**

Абы теухуауэ екІуэкІа Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм щІыху мин 50-м щигъу хэтащ.

## Къудамэ къаруушэхэр

**УФ-м щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и министр Фурсенко Андрей зэрыжиІамкІэ, мыгъэм зэхуащІыжынущ елжапІэ нэхъыщхьэхэм я къудамэхэу щыпалъэхэм щыІэ куэд.**

Абыхэм кьэрал лицензэхэр яІэнхъым икІи студентхэр зэрыщрагъаджэр Хуабжьу мыхьэнэншэщ. ЩхьэусыгъуэрКъызэрыгуэкІщ: езы егъэджакІуэхэм яхуэфащэн щІэныгъэ ябгъэдэлъкъым.

Ауэ студентхэр мыгузавэми хъунущ: ахэр щІатэтІысхьэнущ нэхъ щІэныгъэ куу кьезытыну вуэхэм.

***(ИТАР-ТАССС).***

## Пащтыхь унагъуэм и фэеплъ

**Дыгъуасэ Екатеринбург щагъэльэпІащ 1918 гъэм ящІа пащтыхь унагъуэм щыщхэм я фэеплъыр.**

Абы теухуауэ екІуэкІа Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм щІыху мин 50-м щигъу хэтащ.

## Лъэпкъ Іущыгъ:

## Нэхъыжь зымыгъэлъапІэр щхьэ лъапІэгъуэ ихуэркъым.

## ● Тхылъыщ Іэ

## «Адыгэхэр: тхьдэм и лъэхъэнэхэр»

АРАЩ ЗЭРЕДЖЭР тхьдэ щІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Адыгэ Республикэмрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ. КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Дзэмыхь Къасболэт и лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъыщІэм. Ар иджы дыдэ Налшык и Іуащхьэмахуэ тедзапІэм къыщыдэкІащ. Еджагъэшхуэм ди льэпкъ Іуэрыіуэтэ и лекъ щыщыщІедзэрэ адыгэхэм я кІыкІуэкІыкІар лЫщІыгъэ щхьэхуэхэм тещІыхьауэ кьегъэлъагъуэ совет зэманым и 1917 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1980 гъэм и пэщІэдзэм нэсыху. Псом нэхърэ нэхъыбэ зытригъащІэр Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я зэхуущытыкІэхэр зэрыкъуэфІэуварщ, ди льэпкъым, Урысеим Кавказым щригъэкІуэкІа политикэм щыІыгъа уВыпІэщ. Тхыдэ кьызытymыкьэну зэпэщІэныгъэхэмкІэ Дзэмыхь Къасболэт кьытхуеІуэтэж льэхъэнэ зэмылІэужьыгъуэхэм адыгэхэр зэрыта щытыкІэр. Псом хуэмыдэу зи гугъу тщІы щытыкІыпІэм и мыкъэнэр щІегъэбыдэ абы тхыдэ тхылъ зэмылІэужьыгъуэхэр куэду кьызэригъэзэбэпым. А тхыдэ тхылъхэр зи ІэдакъэщІэкІхэр, ахэр щатха зэманыр кьыщыгъэльэгъуащ пэжыгъуэм. Дзэмыхьым дэ дыхегъэгъуаэ ди льэпкъым и къэкІуэкІыкІыІам теухуауэ нэхъапэм дымыщІа куэдым. Псом хуэмыдэу курыт лІэщІыгъуэхэм ехьэлІауэ. Апхуэдизу дыдэу Іуащхьэмахуэ мыдощІэ, псалъэм и хьэтырКІэ, Бонапарт Наполеонрэ адыгэ мамлюкхэмрэ, абазэхэмрэ кьэбардинкхэмрэ, декабристхэмрэ ди льэпкъэгъуэмрэ зэрыхьэщыгъам теухуауэ. Апхуэдэу дэ еджагъэшхуэм щыгъуазэ дещІ ХьэтІохьуцокуэ Исмел-Псыгуэр ирогъэкІуэкІа жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэмрэ абы и щІэныгъэмрэ ятеухуауэ щІэуэ кьиухтахэм.

Тхыдэ Іувым, лэжьыгъэшхуэ дыдэхэр щызэхуэхьэсам, зы тхыгъэ кІэщІкІэ утепсэлъыхьыкІынукъым, абы гупсэхуу кьеджакІэнэщ ди тхыдэр зыщІэну, зыджыну хуей псори.

**ЦЕНКЪУЭ ПІатІэ.**

## Хэкум кьэзыгъэзэжахэм я махуэм зыхуагъэхьэзыр

АДЫГЕЙ. *Косовэ щыпсэуа адыгэхэр Адыгейм кьызэрагъэпэщ ильэситыкІ щрикьу махуэр республикэм хэЗэтыкІауэ щагъэльэпІэнуц. КьызэгъэзэщІкІуэ комитетым и унафэщІу яГъэуащ АР-м льэпкъ Іуэхуэхэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и комитетым и тхьмадэ ПІэтІокъуэ Аслъан.*

«ПОЛИТИКЭ, тхыдэ мыхьэнэуэ а Іуэхум иІэр кьалытэу Косовэ кьинкІыжа адыгэхэм я хэкуэкъ кьыщагъэзэжа махуэр репатриантхэм я махуэу ягъэуващ. 2008 гъэм ар ильэситщІ зэрырикъур ХэІэтыкІауэ ягъэльапІэнущ, концертхэр зэхашэнущ, гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэр, сурэт гъэльэгъуэныгъэхэр екІуэкІынущ, Урыс-Кавказ зауэм (1763 - 1864 гъ.) хэкІуэдахэм я фэеплъ сыным удз гъэгъахэр тралъхьэнущ, жармыкІэ зэхэтынущ», - жиІащ ПІэтІокъуэ Аслъан.

## Макушкэ Иван щогугъ

АБХЬАЗ. *Урысей Федерациэмрэ Белоруссиемрэ я Союз къэралыгъуэм хьыхьэнкІэ хьунущ Абхъазымрэ Осетие Ипшэмрэ. Иджыблагъэ апхуэдэ хьыбар зэбгрыкъэхащ Союз зэгухьэныгъэм и къэрал секретарым и пресс-секретарь Макушкэ Иван.*

«АР КЪЭМЫХЬУН Іуэхугъуэгу щыткым. Абхъазым нэгъэущІ къэрал ІуэхуэмкІэ и министр Шамбэ Сергей мыхэ-мытІэу къыхихыгъэщащ УФ-мрэ Белоруссиемрэ я Союз зэгухьэныгъэм зэрыкІэлъыплъыр икІи абы хьыхьэн мурад зэриІэр. Иджы Абхъазымрэ Осетие Ипшэмрэ зыкьыхэтхуаГъаэзу щытмэ, шэч хэмылъу, абы дыхэплъэнущ. Куржым абыхэм я суверенитетыр кьымылытэзу щытмэ, абы щхьэкІэ кьэдгъэнэнукъым», - кьыхигъэщащ Макушкэ Иван.

## Сэтей къещІ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *КъШР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щыпсэуІэтэкІынэу республикэ законыр нэмыІблагъэ щыпсэІэ парламентым кьиштащ.*

ЗАКОНЫР игъэхьэзыращ щылналъэм и антитеррор комиссэм икІи ар хуэгъэпсащ Къэрэшей-Шэрджэсым террорист, экстремист щІэпхьаджагъэхэм щыпсэІэтыным, ар къэмыхьэн щхьэкІэ щыІэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэным, бзаджащІэхэр сэтей къэщІынэм, дим, льэпкъ зэпэщІэувэмыгъэхэр къэмыгъэхьэным, нэгъуэщІхэмэ. Ар гъэзэщІа хъун щхьэкІэ, республикэ бюджетым сом мелуан 37-рэ кьыхэкІынущ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м №398-рп*

1. Къэбэрдей-Балъкъэрым щалъхуа жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Бгырыс Республикэм и Правительствэм и унафэщIу щыта (1917 - 1919 гъэхэм) Куэцэ Пщымахуэрэ абы и щхьэгъусэ Мысачэ Луцэрэ щыщIалъхьауэ щыта Тырку Республикэм къишыжу хэкум щыщIэлъхьэжынымкIэ комиссэ къызэгъэпэщын.

2. Комиссэм хэтхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Комиссэм хуагъэувын зэфIигъэкIыну лэжьыгъэхэр зыхуэдэмрэ мы унафэм и Iыхьэ 1-м къыщыгъэлъэгъуа Iуэхухэм трагъэкIуэдэну ахъшэр зыхуэдизынумрэ игъэбелджылыну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ**
**ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат**

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м къыдигъэкIа Унафэ №398-рп-мкIэ къищтащ*

### Къэбэрдей-Балъкъэрым щалъхуа жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Бгырыс Республикэм и Правительствэм и унафэщIу щыта (1917 - 1919 гъэхэм) Куэцэ Пщымахуэрэ абы и щхьэгъусэ Мысачэ Луцэрэ щыщIалъхьауэ щыта Тырку Республикэм къишыжу хэкум щыщIэлъхьэжынымкIэ комиссэм хэтхэр

**Къэжэр А.Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIыр *(комиссэм и унафэщIщ)*

**ДыщэкI М.Р.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр *(комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ)*

**Iэпщэ З.Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Бгъэжьнокъуэ Б.Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ я институтым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

**Дзэмыхь Къ.ФI.** - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

**Зумакулов Б.М.** - ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

**Куэцэ Р.И.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт и «Атлетикэ псынщIэмрэ стIолыщхьэ теннисымкIэ олимп щIэблэ щагъэхьэзыр республикэ сабий-ныбжьыщIэ спорт школ хэха» къэрал IуэхущIапIэм и гъэсакIуэ нэхъыжьыр

**Мысачэ В.С.**- Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и министерствэм профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президент КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академие» федеральнэ къэрал еджапIэм бухгалтер учетымкIэ и кафедрэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

**Мусуков А.ТI.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министрыр

**Пащты Б.С.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я IуэхухэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр

**Сорокин В.И.** - Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэташхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр

**Сунш А.А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкIэ, связымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрыр

**Тут З. Н.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министрыр

**ХьэтIэжьыкъуэ В.Н.** - ЦIыхум и хуитыныгъэхэм къащхьэщыжынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ центрым и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

**Шэт М.Н.** - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэташхьэр *(зэгурыIуауэ)*

# Гулъытэ хуэмыфащэу ара?

**• Iуэху еплъыкIэ**

ЗЭРЫРАГЪАДЖЭ предмет псомкIи щыIэщ абитуриентым бгъэдэлъ щIэныгъэр къызэрапщытэ-зэрагъэунэху тестхэр, зэ хэгъэувэкIэ мардэ пыухыкIахэр яIэу. Апхуэдэ тестхэр щыбогъуэт тхылъ щащэ тыкуэнхэм. Аращ зэрыщытын хуейри, абитуриентым апхуэдэ хуитыныгъэ иIэщи. Ауэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ къудамэм щIэтIысхьэну зызыгъэхьэзырхэм папщIэ методикэ чэнджэщхэр, нэгъуэщI литературэ дэIэпыкъуэгъухэр зэрыгъуэтыгъуейм и мызакъуэу, газет утыку къитхьа тестхэр (къызэрапщытэ-зэрагъэунэху мардэхэм ахэр зыкIи темыхуэ пэтми) экзамен къеIызыххэм фIэкIа зыми ялъагъукъым, яIэкъым икIи яIэщIыхьэну Iэмал щыIэкъым. Зыми щамылъагъукIэ, абы и фIагъ-Iеягъым, и зэкIэлъыхьыкIэм, къыщаIэта упщIэхэм я купщIэм, нэгъуэщIхэми IэщIагъэлIхэр тепсэлъыхьакъым, арэзы зэдэхъуи къызэдащтауэ щыткъым. Ари абитуриентым тещIыхьауэ къэралым щызекIуэ хабзэ хэр къызэпызу Iуэхугъуэхэм язщ.

Курыт еджапIэхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэрыщрагъаджэ тхылъхэр пыплъхьэжын щымыIэу къызыхуэтыншэу, учебник зэхэгъэувэкIэм и мардэ псори къэлъытауэ щыIами (ауэ а Iуэ хури щыщщ хуабжьу дызыгъэпIейтейм!), абы щыгъуэми Iэмал имыIэу зэхэгъэувэн хуейт еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэным адыгэбзэмрэ литературэмкIэ зэрызыхуагъэхьэзыр пособие щхьэ хуэ. Ауэ иджыри къыздэсым апхуэдэ щыIэкъым, адрей предмет псомкIи дэIэпыкъуэгъухэмрэ чэнджэщхэмрэ ди тхылъ щапIэхэм щыбгъуэтынущ. Ауэ щыхъукIи, къэпщытакIуэ (эксперт) гупым щIигъэбыдыхьа къызэрапщытэ тестхэр имыIэу университетыр хуиткъым зэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр къыIихыну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, апхуэдэ щIыкIэкIэ абы къызэпеуд абитуриентым и конституцэ хуитыныгъэхэр.

КъБКъУ-м лъэпкъ щIэныгъэхэр щадж и къудамэм къакIуэ ныбжьыщIэхэр, адрейхэм елъытауэ, щыгъуазэкъым абитуриентым игъэзэщIапхъэу къагъэув мардэ хэмрэ абы иIэ хуитыныгъэхэмрэ. Ахэр зыщIыпIэ дежи къыщыгъэлъэгъуакъым. Апхуэдэу абыхэм ящIэркъым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ къудамэм щадж урысыбзэмрэ литературэмрэ зыхуэдэр: урысыбзэ филологиемкIэ къудамэм щрагъэдж дыдэра хьэмэ нэгъуэщI жыпхъэ? Дэнэ ар къыщыпщIэнур? Абы къыдэкIуэу хэт къыбжезыIэнур курыт еджапIэм къыуит щIэныгъэмрэ университетым зэрыщIэтIысхьэу къагъэув мардэхэмрэ зэрызэпэгъунэгъур, зэрызэпхар, зым къигъэувыр адрейм къызэрищтэ щIыкIэр? Сыт а псом пыщIа Iуэхухэр зэхуэщIауэ, гъэпщкIуауэ, щэхуу фIэкI щIемыкIуэкIыр?

Сэ зэкъым-тIэукъым мы упщIэхэр газет утыкухэмрэ къулыкъущIэ хэм я пащхьэмрэ къызэрыщысIэтар. Ауэ ар Iуэху зыщIын зыри къахэкIакъым. Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ къудамэм щеджэ ныбжьыщIэхэм сэ нэIуасэ сащыхуэхъур, программэкIэ ядэлэжьэн щыщIэздзэр ахэр 4-нэ курс хъуа нэужьщ. ИкIи, сыт хуэдизу ар жагъуэ сщымыхъуми, къыспэщIэхуэхэм я нэхъыбэр щIэныгъэншэщ. Тегъэчыныхьауэ жыпIэмэ, мащIэ дыдэщ абыхэм яхэтыр адыгэ алыфбейр хьэрф дапщэ хъуми къыбжиIэфыну, усэ зытIущ гукIэ къеджэфыну, литературэ тхыгъэ гуэр зэпкърыхауэ тепсэлъыхьыфыну. Я щIэныгъэр зэрыхъур арауэ диплом къахь, лъэпкъ интеллигенцэм щыщу лэжьапIэ IэнатIэхэм пэроувэ. Аращ дызыхуишэр лъэпкъ егъэджэныгъэмкIэ стандарт пыухыкIа дызэримыIэм.

ПэщIэдзэ, курыт еджапIэхэм зэрыщрагъаджэ тхылъхэм итым и нэхъыбэр умыщIэххэныр нэхъыфIщ (?!), ауэ телъыджэщ школми университетми зэрыщрагъаджэ программэхэм (зи гугъу сщIыр адыгэбзэмрэ литературэмрэ епхарщ) зыщхьэщыкIыныгъэ гуэри ямыIэу зэрызэщхьыркъабзэр. Университетыр къызэраух экзаменхэр къэзыпщытэ къэрал аттестацэм комиссэм гъэ къэс и пащхьэ илъыр илъэс 25-м щIигъуауэ дызыхуэхъущIэ курыт еджапIэ программэрщ. Къызэраух, зэрыщIэтIысхьэ программэхэри, курыт еджапIэмрэ университетымрэ зэрыщрагъаджэри зи Iэдакъэ къыщIэкIыр зы щIэныгъэлI гупщ. Аращ къызыхэкIыр илъэс 40-м нэблэгъауэ зы Iэм IэщIэкIым адрейм IэщIыхьэу, школым икIрэ еджапIэ нэхъыщхьэм кIуэуэ, еджапIэ нэ хъыщхьэм къыщIэкIрэ школым игъэзэжу къекIуэкI программэм «мылIэжыныпсэ» Iутыныр. Ар щыплъагъукIэ икIи къыщыбгурыIуэкIэ уримыгузавэу къанэркъым щIэныгъэ зиIэ щIэблэ лъэпкъым къыздрихынум.

**БАКЪ Зерэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*

**КъБКъУ-м хэт филологие институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьэну мурад зыщIахэм я щIэныгъэр къызэрапщытэ упщIэхэм я зы Iыхьэщ фи пащхьэ илъыр. Абы газетым IэщIэкIа щыуагъэу зы хьэрфи зы дамыгъи хэткъым. Псалъэуха ухуэкIэм, упщIэ гъэувыкIэм, грамматикэм, орфографием, пунктуацэм я хабзэхэр къызэрызэпаудым и закъуэкъым мы къэдгъэлъэгъуэн хуей хъуа Iыхьэм ныкъусаныгъэу хэлъыр.**

### Тестовое задание по кабардинской литературе

1. «Адэмрэ и къуэмрэ» Гъуэщокъуэ Хъусин и повестым хэт Хьалил машинистым и дэIэпыкъуэгъуи щымытыжу, атIэ сыт хуэдэ лэжьыгъэ IэнатIэ къыхуагъэфащэрэ

1) дежурнэ машинисту лэжьэну, 2) токарнэ цехым токару лэжьэну, 3) машинист нэхъыщхьэу лэжьэну

2. Нэгумэ Шорэ Дагъыстан къикIыжу и Хэку къигъэзэжа нэужь лэжьащ.

1) егъэджакIуэу, 2) писару, 3) ефэндыуэ, 4) дохутыру

3. (КIашэ Адэлджэрий) Къалэмбий и «Абрэджхэр» повестым хэт ХьэрэкIэтIрэ МатIэрэ абрэджыгъэ гъуэгу хьэлъэм щIытеувам и щхьэусыгъуэр

1) я адэ-анэр зэраукIыр, 2) я гъунэгъухэм хабзэншагъэ кърахыр, 3) я гъунэгъу гуэр зэраукIыр 4) Лъэпкъым къытехьа лейр ямыгъэгъуныр

4. Мы усэхэм щыщу ЩоджэнцIыкIу Iэдэм итхакъым:

1) «ГурыщIэм и мафIэ», 2) «Гурылъ», 3) «Псынэдахэ»

5. Нэгумэ Шорэ и Iэдакъэ къыщIэкIакъым

1. «Адыгэ народым и тхыдэр», 2) «Къэбэрдей грамматикэм и пэщIэдзэ хабзэхэр» 3) «Жиным и гъэсэныр», 4) «Къэбэрдей-урыс псалъалъэр»

6. Теунэ Хьэчим и рассказ «ЛъагъуэщIэ» темэ нэхъыщхьэ хуэхъуар сыт

1) социальнэ бэнэныгъэ, 2) лъагъуныгъэ, 3) социальнэ ухуэныгъэ, 4) дунейм и теплъэ

7. Къашыргъэ ХьэпащIэ:

1) критикщ, 2) тхакIуэщ, 3) литературоведщ

8. Теунэ Хьэчим и «ЗэхэгъэкIыныгъэ» тхыгъэр жанркIэ сыт хъуну ара

1) повестщ, 2) поэмэщ, 3) пьесэщ 4) романщ

9. ЩоджэнцIыкIу Алий и тхыгъэхэм щыщу мы едзыгъуэр къыхэхащ:

«Уафэм шэнтхэм я щIыIукIэ
Бгы уафэ дамыгъэ тращIэ.
ГъащIэ гуфIэгъуэм и бынхэм
Марс хуэхьэщIэну щIобэнхэр»

1) «Бэвыгъэ» усэм, 2) «Линэ трактористкэщ» усэм, 3) «Октябрь» усэм 4) «Жантизым и нып фIыщIэжыр» усэм

10. КIыщокъуэ Алим «Длэжьар зы гъащIэм дежкIэ куэдми мурадым дежкIэ ар мащIэIуэщ», - щыжеIэ:

1) «МакIуэр щIалэр аүз гъуэгукIэ», 2) «Ленин лъагэу тетщ», 3) «Псынэдахэ», 4) «ЗэкъуэшитI».

11. Сытыт ПащIэ Бэчмырзэ Хэку къулыкъущIэ куэдым фIыуэ къыщIамылъагъур.

1) мэкъумэшыщIэхэм я телъхьэу щытти, 2) мэкъумэшыщIэхэр абы и жыIэм тетти 3) зыми фIэмылIыкIыу, щымышынэу мыхъумыщIагъэ имыдэу щытти, 4) къулыкъущIэхэр фIыуэ илъагъуртэкъыми

12. КIыщокъуэ Алим ейуэ иужь дыдэу дунейм къытехьа тхылъым и цIэр сыт

1) «Шум и гъуэгу», 2) «Мывэ хуабэ», 3) «Щхьэлыкъуэ», 4) «ЦIэ зимыIэ къалэ».

13. Къаз-Джэрий СулътIан и очеркым къыщымыгъэсэбэпа художественнэ-изобразительнэ Iэмалыр къэвгъэлъагъуэ

1) эпитет, 2) егъэлеиныгъэ, 3) зэгъэпщэныгъэ, 4) метафорэ,

14. «Бгырысхэр» романым хэт Дэбэч и IэщIагъэкIэ сыт

1) усакIуэщ, 2) Iэхъуэщ, 3) гъукIэщ, 4) пхъащIэщ

15. ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романыр и художественнэ гъэпсыкIэкIэ:

1) романтическэ тхыгъэщ, 2) символическэ тхыгъэщ 3) реалистическэ тхыгъэщ,

16. ЩоджэнцIыкIу Алий Тыркум щитха тхыгъэщ:

1) «ЩIымахуэ жэщ», 2) «Сэтэней», 3) «Нанэ», 4) «Мадинэ»

17. Адыгэ усакIуэ-уэрэдусми ещхьу ПащIэ Бэчмырзэ япэ зэхилъхьэу щIидзащ:

1) гъыбзэхэр, 2) уэрэдхэр, 3) хъыбар хэр, 4) псысэхэр

18. КIыщокъуэ Алим и тхыгъэ «Кхъужьей къудамэр»

1) Поэмэщ, 2) усэщ, 3) очеркщ, 4) рассказщ.

19. ДыщэкI Мухьэмэд и рассказхэр нэхъыщхьэу зытеухуар сыт

1) лъагъуныгъэм, 2) гъащIэм, 3) сабийхэм, 4) дунейм и теплъэм.

20. «Насыпым и хэкIыпIэ» тхыгъэм хэт Мурат и щхьэгъусэм и цIэр хэт

1) Зинэ, 2) Зулэ, 3) Зулижан, 4) Лолэ.

21. ДыщэкI Мухьэмэд къыщалъхуа къуажэр

1) Сэрмакъ, 2) Урыху, 3) Зеикъуэ, 4) Кушмэзыкъуей

22. «Адэмрэ и къуэмрэ» Гъуэщокъуэ Хъусин и тхыгъэм хэт персонажхэм щыщу Нысэдахэ хэт и щхьэгъусэу къыхэщыжрэ

1) Мыхьэмэт и щхьэгъусэу, 2) Дыгъужь Къабот и щхьэгъусэу, 3) Исхьэкъ и щхьэгъусэу

23. Ухъутэ А. дэра мы усэхэм щыщу имытхар

1) «Адыгэ хэку», 2) «КIыщ», 3) «Шыхъуэ», 4) «Мэлыхъуэ»

24. Щомахуэм ейуэ мы усэ сатырхэр зыхэтыр сыт хуэдэ усэра

« - Умыгъ тIасэ, си нэху закъуэ,
Сыт уэ пшхыну нэхъ уфIэфI?
Къыпхуэсхьахэм тIэкIу едзакъэ,
Уэзгъэшхынкъэ сэ шэ IэфI!»

1) «Дахэ-Линэ», 2) «Зэраншу», 3) «Мамэ и нэху», 4) «Хьэлэлыгъэ».

25. «Сэри сэлэт сохъу» Къардэным и тхыгъэм лIыхъужь нэ хъыщхьэ къыхэщыжыр хэт хъуну ара

1) Къардэн Алим, 2) Уэтэбей Аслъэн, 3) Быдэ Залым 4) Чугунов Валерий.

26. Нало Жансэхъу и «Къэхъун» пьесэм къыхэщыж кулакхэмрэ абы я телъхьэхэмрэ лъэныкъуэ ирагъэзыну хуейщ:

1) Цыгъу, 2) Темыр жан, 3) Тембот, 4) Жанхъуэт.

27. Гъубжокъуэ Лиуан и тхыгъэ «Къуршхэр плъырщ» жыхуиIэр жанркIэ

1) повестщ, 2) усэщ, 3) рассказщ, 4) поэмэщ.

28. Сыт хуэдэ художественнэ-изобразит ельнэ Iэмал нэхъыбэу Нало Ахьмэдхъан и «Нэхущ шум» къыщыгъэлъэгъуар

1) егъэлеиныгъэ, 2) къэгъэпсэуныгъэ, 3) зэгъэпщэныгъэ, 4) метафорэ.

29. УсэкIэ тха пьесэм йоджэ:

1) драматическэ поэмэкIэ, 2) мелодрамэкIэ, 3) драмэ-повесткIэ, 4) комедиекIэ

30. КIыщокъуэ Алим ейуэ мы сатырхэр къызыхэщыжыр сыт хуэдэ тхыгъэра

«Уэ бзаджэ делэм псэ пIуту
Мыбдеж ущыту пхуэздэн
Фызыхуей псоми фыхуиту
Дэ илъэс куэдхэр дгъэкIуэн»

1) «Мэл гуартэ», 2) «Бгы лъапэхэм деж» 3) «У эздыгъей», 4) «ЦIэ зимыIэ къалэ».

***Председатель предметной экзаменационной комиссии.***

## Ещанэ чемпионкэ Быковэ Елизаветэ

ДУНЕЙПСО цIыхубз шахматым и тхыдэм лъэужьышхуэ къыхэзынахэм ящыщщ Быковэ Елизаветэ. Ар 1913 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м къыщалъхуащ мы зэманым Владимир областым хыхьэ Боголюбовэ къуажэм. Япэ ехъулIэныгъэр Москва и чемпионатым къыщихьащ (1937 гъэ, ещанэ увыпIэ). Мыгувэу и зэфIэкIым хуабжьу хигъэхъуащ икIи къыкIэлъыкIуэ гъэм къалащхьэм и чемпионкэ хъуащ. ИужькIи абы тхуэнейрэ щыхьэрым бжьыпэр щиубыдащ. Хэку зауэшхуэр иуха иужь, Быковэр дунейм и шахматисткэ нэхъ лъэщ дыдэхэм яхыхьащ. Ар щэнейрэ (1947, 1948, 1950 гъэхэм) къэралым и чемпионкэ хъуащ. Пэжщ, дуней псом пашэ щыхъуну зэуэ хузэфIэкIакъым. 1949-1950 гъэхэм Москва щекIуэкIа зэпеуэм Борисенкэ Валентинэ дигуэшащ 3-4-нэ увыпIэхэр. АрщхьэкIэ Елизаветэ и джэгукIэр иригъэфIакIуэ зэпытт. Дунейм и чемпионкэ хъуну хущIэкъухэм я зэпеуэу 1952 гъэм Москва щекIуэкIам япэ увыпIэр щиубыдащ икIи а зэманым дунейм и шахматисткэ нэхъ лъэщ дыдэу къалъытэ Руденкэ Людмилэ дэджэгуну хуитыныгъэ къихьащ. ЗэIущIэр Быковэм къихьэхуащ 8:6-уэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ дунейм и ещанэ чемпионкэ хъуащ. А цIэр абы зэрихьащ илъэсищкIэ. 1956 гъэм абы къефIэкIащ Рубцовэ Ольгэ, арщхьэкIэ матч-реваншым (1958 гъэ, Москва) ефIэкIыныгъэшхуэкIэ аргуэру дунейм бжьыпэр щиубыдыжащ.

Шахматым къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIым папщIэ, абы спортым щIыхь зиIэ и мастер (1953), дунейпсо гроссмейстер (1976) цIэ лъапIэхэр къыфIащащ. Езыр и IэщIагъэкIэ экономистт, арщхьэкIэ нэхъыбэу зыпэрытар журналист лэжьыгъэрщ.

Шахматым и зыужьыкIэр апхуэдэщи, зэпымыууэ къыкъуокI нэхъ лъэщыжхэр. Апхуэдэу къыщIэкIащ 1962 гъэм Москва Быковэм бжыгъэшхуэкIэ къыщыфIэзыхьэх уа (2:9) Гаприндашвили Ноннэ.

АрщхьэкIэ иужькIи Елизаветэ шахмат зэхьэзэхуэхэм куэдрэ хэкIыжакъым. Гаприндашвили и псалъэхэм тепщIыхьмэ, Быковэм хуабжьу къехъу лIэр джэг укIэм и кIэухыр т. Абы къригъэлъыфырт нэхъ партие гугъу дыдэхэри.

Дунейм и ещанэ чемпионкэ Быковэ Елизаветэ 1989 гъэм гъатхэпэм и 8-м Москва щылIащ.

Ар дунейпсо цIыхубз шахматым и тхыдэм къыхэнащ Iэзагъырэ ерыщагъкIэ щапхъэу.

**МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.**

• Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

**Къэбэрдей АССР-м и унафэщIхэм Совет Союзым плIэнейрэ и ЛIыхъужь, маршал Жуков Г.К. кърагъэблагъэ.** *Сэмэгумкlэ къыщыщIэдзауэ:* **Мэлбахъуэ Тимборэ, Жуков Георгий, Ахъуэхъу Аслъэнбий** *(щысхэщ)*; **Щербо Илья, Лъостэн Чэлимэт** *(щытхэщ)*.
*Сурэтыр 1955 гъэм трахащ.*

**● Ислъам диным и лэжьакIуэ цIэрыIуэм и псалъэ**

# Уи шабзэр зэпыщIыкIи уи кIапсэри зэпыч, уи сэшхуэри мывэкIэ еуи къутэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр №137-м итщ).*

3. КъурIэным къызэрищтэмкIэ, цIыхубэм хыфIригъэдзэну зыхуейр Iуэхугъуитlщ: КъурIэным идэркъым цIыхур и диным щхьэкIэ, и щхьэм илъ и гурабзэм (идее) щхьэкIэ букIыну. Ахэр тегъэщIапIэ пщIыуэ, и хэкур ебгъэбгынэныр. А IуэхугъуитIыр IэщIыб ящIмэ, Iуэхур тэмэм хъуауэ къэплъытэ хъунущ. КъурIэным мыпхуэдэу жиIэркъэ: Алыхьым фапигъэкIуэтыркъым диныр я тегъэщIапIэу къывэмызэуахэм, хэкум физы мыгъэкIахэм. Алыхьым фызыбгъэдигъэкIуэтыр фи диным щхьэкIэ къывэзауэхэмрэ фи хэкур фэзыгъэбгынэхэмрэщ. КъурIэным мыпхуэдэуи къыщокIуэ: къывэмызауэхэм, мамыру къывбгъэдэтхэм я гугъу фымыщI, дахэу фадекIуэкI. Аращ зэуэнымрэ джихьэдымрэ я конституцэр. КъурIэным къызэригъэлъагъуэмкIэ, зи щхьэ зыхъумэжыр зэуэныр, и гурабзэм щхьэкIэ хэкур егъэбгынэныр къэзымыщтэ цIыхубэрщ. КъурIэным мыпхуэдэуи жеIэ: Iиман къэзыхьыжахэр Тхьэм щхьэкIэ, кэфирхэр - шейтIаным щхьэкIэ мэзауэхэр. ЦIыхур я гурабзэм щхьэкIэ щаукIкIэ, я хэкум щрахукIэ, КъурIэным хуитыныгъэ къаритащ захуагъэм и телъхьэ цIыхубэм Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ къигъэсэбэпу Iуэхур къызэтригъэувыIэну, абыкIэ мыхъурэ - зауэкIэ. Аращи, КъурIэным зауэр къыщIищтэр IуэхугъуитI къудейщ, джихьэд зыщI цIыхубэр хабзэм, захуагъэм тету, мамырыгъэр я тегъэщIапIэу щытын папщIэ. Ар зыпэщIэувэр цIыху зыукI, я хэкум изыхухэр аращ. Апхуэдэ щымыIэмэ, зауэ къэбгъэхъей хъунукъым.

Зэныкъуэкъу, зэпэщIэувэныгъэ щымыIэмэ, цIыхубэр захуагъэм, мамырыгъэм хуокIуэ. ЦIыхум дунейр къафIэщIу, къащыхъуу щыщытам хуэдэжкъым, иджы цIыху цIыкIум зэхэщIыкI яIэ хъуащ, пщылIыгъэр зэриухам хуэдэу, иджы а зауэри иухын хуейщ.

ЦIыхур зыхуэпабгъэр мамырыгъэрщ. Гугъуехьыр зищIысыр цIыху псоми зэхуэдэу егъэщIэн хуейщ. Залымыгъэ зэрыщыIэри, абы папщIэ жэуап ткIийм зэрырашалIэри бгъэпщкIу хъунукъым, къуаншагъэ ямылэжьын папщIэ. Ди гуапэщ КъурIэным бегъымбархэм фIым, зауэм теухуауэ жаIахэр тщIэмэ, апхуэдэуи къыдгурыIуэн хуейщ муслъымэнми, адрей лъэпкъхэми я щхьэ кърикIуар. Муслъымэнхэм я щэнхабзэм къыхощ, абы теухуауэ ятхащ: я акъылыр яфIэкIуэда нэужь, акъылыншагъэм зрагъэхьри, къэралыгъуэр къарукIэ къащтэну хуежьащ. ЯгурыIуакъым цIыхубэр акъылкIэ зэрызэрахъуэкIыфынур.

Ноби къэралыгъуэ захуэр революцэкIэ ягъэувыну иужь йохьэ. Ауэ цIыхубэм къагурыIуэн хуейщ къуаншагъэкIэ, къарукIэ къэралыгъуэр захуэ, демократиер щытепщэ щIыналъэ зэрымыхъунур. Адрей динхэр зыIыгъхэри муслъымэнхэри а зэпэщIэувэныгъэм тетащ - Iэщэр къагъэсэбэпу къэралыгъуэр къэщтэным. Ауэ ноби къэралыгъуэ тэмэмыр, захуагъэр щытепщэр революцэкIэ къащтэну, зыIэрагъэхьэну щыхущIэкъу мымащIэрэ къохъу. Ауэ цIыхубэм зыхегъэщIэн хуейщ къару хэмыту, захуагъэмрэ демократиемрэ узэрыхуэкIуэфынур. Дунейр щытыкIэщIэм хуэкIуэнущ, захуагъэр щытепщэу.

Динымрэ законымрэ зэрызэIагъэхьар тхыдэм идэркъым. Тхьэм жиIакъэ: лей зезыхьахэм ди хьэзабыр ялъысынущ. КъурIэным жиIэркъэ: тхыдэр къызыгурымыIуахэм ди дахэ ялъысынукъым, абыхэм ятегъуэгэнукъым щIылъэр е уафэр, икIи тхыдэр къызэтрагъэувыIэфынукъым. Апхуэдэуи щыжеIэ КъурIэным: нэгъуэщIхэри къэдгъэкIуащ, уафэр ятегъуэгъуащ, щIылъэр ятепыхьащ. Апхуэдэуи къэхь: къагъэкIуэхункIи пцIы жиIэу ягъэIурт, ауэ дэри яхуэфащэр ялъыдгъэсащ. Я щхьэ лей ирахыжащ, цIыхухэм хуэпсалъэу къэдгъэнащ. Ар къызыгурыIуэ дэтхэнэми дахэр къегъуэт, къехутэ. ЦIыхубэр иджыри къэс щIыгум гъуэгу захуэ щытеткъым, лъы ягъажэ, Тхьэм къабгъэдилъхьар ямыгъэзащIэу. КъурIэным мыпхуэдэу къыщокIуэ: Тхьэм мелыIычхэм яжриIащ щIыгум хъалифхэр нэзгъэкIуэнущ, жери. МелыIычхэр щIэупщIащ: къэбгъэкIуэнур лъы зыгъэжэнрэ дунейр зэIызыгъэхьэнрэ? ИтIанэ Тхьэм жеIэ мыпхуэдэу: фэ фымыщIэр сэ сощIэ.

Интеллигенцэм щыщ гуэрхэр мыпхуэдэ зэпыщIэныгъэхэм егупсысу хуежьащ Европэм, дуней псом я щэнхабзэм пэщIагъэувэну. Я гугъащ тхыдэм и щIыбагъкIэ зыгуэрхэр къыщагъэхъуну, иджыри къэс тхыдэм къыщимыхъуауэ. А зэпыщIэныгъэр къагурыIуэу иджыри къэс тхыдэм зыри хэмытауэ, цIыху закъуэтIакъуэххэм абы нэхъыфI щымыIэу къалъытащ. АрщхьэкIэ ари ипэкIэ кIуэтэнукъым, я псалъэми къегъэлъагъуэ зэрымыкIуэтэнур. Я псалъэм къыхощ ар идеализмэу къазэрыщыхъур. Ахэри апхуэдэ я гупсысэм текIуэдэжахэщ.

Абыхэм зыхащIакъым а утыкум кърахьам бегъымбархэм гу зэрылъата щIыкIэм. Нобэ тхыдэм абы гу лъетэ, я гупсысэхэри цIыхухэм зэхуаIуатэ, зэIэпах. А хэгъэзыхьыр ядэркъым, а мыдэныгъэр зэщхьыр нэгъуэщIым и нэм нэбжьыщ ущылъыхъуэм хуэдэщ, я нэм къыщIэуэ бжэгъур ямылъагъужу. УкIыгъэр къарум щыщу къапщтэ хъужынукъым, мыбы зэрихьар лIыгъэщ жыпIэу. ЩIэныгъэм ар къыгурыIуэу хуежьащ, укIыгъэ, лъыгъажэ щымыIэу. Зилъ ягъэжа цIыхур ауэ кIуэдакъым, абы и лъым и макъыр нобэр къыздэсым цIыхухъуми, цIыхубзми, сабийми йоджэ, къикIыр къагурымыIуэ щхьэкIэ. Алыхьым деж къикIа тхылъхэм йоджэхэр. Къабин тэджри и къуэш Хьэбир иукIащ. Тхьэр Къабин еупщIащ дэнэ щыIэ уи къуэш Хьэбир, жери. Къабин сщIэркъым, сэ ар згъэхъурэ, жиIащ. Сыт пщIар, уи къуэшым и лъыр щIылъэм тетым яхокIие, уэ иджы нэлатыр къыптехуакъэ? Уэ а щIыгум ущыщкъэ, уи къуэшым и лъыр къэзыщтам. Къабин Тхьэм жриIащ: сэ мыбы щызесхьа лейр цIыхум хуэмыIэтынщ.

КЪУРIЭНЫМ йоджэ мелуанхэр, я нэмэзри ящI, а зэджэм къикIыр ямыщIэу. Ауэ щхьэм йохьэ ахэр. КъурIэным мыпхуэдэу жиIакъэ: къахуеджэ пэжым, ялэжьа фIыр зыгуэрхэм яIихащ, зыгуэрхэми яIихакъым. Ар Алыхьым къабылу пIихын, сыбукIыну уи Iэр къэпшиймэ. Сэ апхуэдэу сщIэнукъым, сэ Тхьэшхуэм сыщошынэ. Си лейри уи лейри уэ пшэчынщи, уэ жыхьэнмэм укIуэнщ. Лейзехьэхэм аращ къащыщIыр. И гум тригъэхуащ и къуэшыр иукIыну, иукIри ежьэжащ. Зы къуаргъ къакIуэри и къуэшым и хьэдэр щIилъхьэну иригъэлъагъури и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжащ. Си гугъакъым мыпхуэдэу си къуэшыр щIэслъхьэжыну жиIэри, икIи щIегъуэжащ.

Дэ а лIыукIхэм я бынхэм хуэдэу дыщытынри хэлъщ, ауэ къыдгурыIуэу хуежьащ а къуаншагъэр. ЦIыхубэм къагурыIуэу хуежьащ цIыхугъэ зэрыщыIэн хуейр. Iуэхур ятхахэркъым, гугъуехьыр цIыхум щIэныгъэ етынырщ, къызэрекIуэкIам хуэдэу тхыдэм и пэжыпIэр къыдгурыIуэныр, зэпымыудауэ, лъэхъэнэкIэ къапщтэу. Къэдгъуэтын хуейщ гурабзэ пэжыр. ЦIыхум къезэгъынур къыщахутакIэ, цIыхур зыукI микробыр къыщащIакIэ, ди гъащIэм хэгъэкIын хуейщ апхуэдэ микробхэр.

Ахъшэ куэд догъэтIылъ, догъэкIуэд дэ, лыших, нэгъуэщI узыфэ бзаджэхэм дапэщIэувэн папщIэ. ЦIыху куэд апхуэдэ хъыбархэм йодаIуэ, поплъэ, ауэ абы пэщIэт гупсысэ къабзэ, дахэ, цIыхугъэм теухуа лъыхъуэн хуейщ. Мы стхы псалъэхэр къапщтэмэ, абы уриджэгу хъунукъым. Псалъэ пэжым дымыгъэзэжмэ, лъагъуныгъэ псалъэр - лъагъуныгъэкъым, мафIэ псалъэр - мафIэкъым. Ауэ къэдгъэзэжмэ, апхуэдэ Iуэхухэм, псалъэм дызэрыриджэгур дгъэзэкIуэжыфынущ. Абдежым дэ зыхэтщIэнущ псы щIыIэр зэрымыхуабэр.

КъурIэным жеIэ: Алыхьым и сунэтыр зэпхъуэкIыфынукъым икIи зэбдзэкIыфынукъым. Сэ стха къудейркъым тегъэщIапIэ сщIыр, абы папщIэ щыIэ тхыгъэхэм ухэплъэж хъунущ. А тхыгъэхэр дахэу зэхэбгъэкIын, къэбгъэлъэгъуэн хуейщ. Зияд, Лэбид и къуэм, жиIащ: «Дауэ, ди Бегъымбар лъапIэ, щIэныгъэр зэрыкIуэр, зэраIэтыр? Дэ КъурIэным деджакъэ, ди бынми абыхэм я быныжми КъурIэным еджэкIэ едгъэщIакъэ?» Бегъымбарым къыжреIэ: «Уэри, Зияд, динымкIэ щIэныгъэшхуэ зиIэхэм ящыщу укъысфIэщIырти, тэурэтымрэ инджылымрэ журтымрэ чыристанымрэ яйтэкъэ? Дэнэ щыкIуэда ахэр? Тхьэм и Iэмыру яутIыпщакъэ? ЩыIэщ иджыри теурэтри, инджылри ауэ къагъэсэбэпыркъым». Мы псалъэмакъ къекIуэкIам къикIыр Бегъымбарымрэ и ныбжьэгъумрэ дагъэлъагъу. Мухьэмэд тепсэлъыхьыркъым къыфIэщIым, абы зи гугъу ищIыр и нэкIэ илъагъурщ. Бегъымбарым и ныбжьэгъум жреIэ: щIэныгъэ щыIэщ. Бегъымбарым абдежым къыгурегъаIуэ ар Тхьэм и деж къызэрикIыр, Бегъымбарым къыжриIэр Тхьэм къегъэлъагъуэ. Кърегъэлъагъу цIыхубэм ар зэраутIыпщыр, къызэрамыгъэсэбэпыр. Тхьэм кърегъэлъагъу цIыхубэр абы теухуауэ зэрызэдэмылажьэр. Псалъэхэр дахэ-дахэу къагъэсэбэпыркъым, къикI мыхьэнэшхуэр яутIыпщ. ЩIыгумрэ уафэмрэ дуней псом я бзэм къыхэнащ, арщхьэкIэ а тIум къикIыр цIыхубэм къагурыIуакъым иджыри къыздэсым.

ИПЭКIЭ ЩЫIА тхыдэмрэ ди нобэмрэ цIыхум къызэрыгурыIуэр, щIэныгъэр зэпыу имыIэу мэкIуатэ. Ар къызэтезыгъэувыIэни щыIэкъыми, щIэныгъэр къэгъэсэбэпын хуейщ. Бегъымбархэм ящIащ ар акъылым зэрыхалъхьэнур. Ауэ интеллигенцэм иджыри къэс къагурыIуакъым, зыдрагъэкIуа мыхъумэ. ЦIыхур зэпеуэн хуейщ нэхъыфIыр наIуэ ящIын, къагъуэтын, нэхъыфIым хуэкIуэн папщIэ. ЕгъэщIэн хуейщ цIыхухэм гъуэгу нэхъ захуэр.

ЩIэныгъэр и пэкIэ кIуатэми, ООН-м и уставым зэхъуэкIыныгъэ имыгъуэту къонэж. Ар къэрал кIуэцI Iуэхухэм теухуакъым. Ауэ Америкэм и Конституцэр къэрал псом тещIыхьащ. Муслъымэн къэралхэри а гугъуехьхэм хэтщ - щIэныгъэ кIуатэм къыкIэрохуэ. КъагъуэткъымI абы зэрыдекIуэкIын гъуэгу. БлэкIам, зыри къызэрымыкIыж гъуэгум тетщ иджыри. БлэкIа зэманым и тхыдэр иджы щIэныгъэ зиIэхэм зыкIэщIаупщIэжри, нэгъуэщIым бгъэдалъхьэркъым, зы зэман къагъэсэбэп хьэпшыпым хуэдэу ящэ-къащэхужу. Тетыгъуэр иджыри къэс абыхэм яIыгъщ, къэхъукъащIэ нэсым, пэжым иримылажьэу. Дапхуэдэу щымытми, къэкIуэнур зейр акъылыр зэрыарар, атIэ къарур зэрыармырар, зэрымыбомбэр гурыIуэгъуэщ. Хэту пIэрэ ар цIыхухэм зыхезыгъэщIэнур, нэрылъагъу ящызыщIынур? Я гугъэкъэ Америкэм и къарур дуней псом щытепщэ хъуну? Ар пэжкъым. Америкэм ар и мурад, хущIэкъу щхьэкIэ, абы нэсынукъым. КъыгурыIуэркъым ар зэрыукIытэгъуэр. Чыристан тхылъым Хьисэ (Иисус) щыжиIакъэ: «Бжэр сыту бгъуэ, и гъуэгури сыту гугъу - гъащIэ дахэм ухуэзышэр, мащIэщ ар зыгъуэтыр».

Мухьэмэд бегъымбарым жиIакъэ: цIыхухэм я щIэныгъэр хыфIадзэмэ, тхылъхэри сэбэп къахуэхъунукъым. КъурIэным жиIэркъэ: емыджэфыр еджэкIэ зымыщIэракъым, атIэ хьэрфхэм я деж къыщыувыIэращ, псалъэхэм я мыхьэнэм емыгупсысу. КъурIэнымрэ Мухьэмэд бегъымбарымрэ цIыхухэм ирагъащIэртэкъэ залымыгъэ щыIэн зэрыхуэмейр, зэхуэгъэдэныгъэ щыIэу гъэпсэун зэрыхуейр. ЦIыхубэ зэхуэгъэдэныгъэ здэщыIэм залымыгъэ щыIэн хуейкъым. ЦIыхухэр я гупсысэм, гурабзэм щхьэкIэ я хэку щрахум деж, нэгъуэщI Iэмал щамыIэжкIэ, залымыгъэ къыкIэлъызезыхьэхэм езэуэн хуей мэхъу. Къарур къыхыхьамэ, хьэкIэкхъуэкIагъэ зэрахьэу аращ. Iэпщэм къилэжьыркъым, атIэ акъылым къилэжьырщ абыхэм я дежи нэхъыщхьэу щытын хуейр. Къарур къагъэсэбэпыну щыхуежьэр Алыхьым жиIамрэ бегъымбарым жиIамрэ щемыдаIуэм и дежщ. КъурIэным мыпхуэдэу жиIакъэ: дэтхэнэ зы Iумэтми зы бегъымбар къахуэдгъэкIуащ Тхьэр я фIэщ ищIыну, залымыгъэм къыхэкIыну. Бегъымбарым жиIатэкъэ Алыхьым жыхуиIа зауэр щымыIэмэ, нэгъуэщIым ухэмыхьэну. Муслъымэн диным дахэу тепсэлъыхьахэм къагъэлъэгъуаи ар. Мыпхуэдэуи жаIати: уи шабзэр зэпыщIыкIи уи кIапсэри зэпыч, уи сэшхуэри мывэкIэ еуи къутэ. Уи къару къихьым бгыхэм дэжей, къумхэм илъадэ уи махъшэхэмрэ мэлхэмрэ ящIыгъуу. И ныбжьэгъум жиIати: Бегъымбар лъапIэ, здэкIуэн имыIэмэ-щэ?» Бегъымбарым къыжреIэж: И унэм щIэсынщ, и бжэр хуищIыжынщи. Бегъымбарым йоупщI ныбжьэгъур: «Бегъымбар лъапIэ, зыгуэр къыщIыхьэмэ си деж, и Iэр къишиймэ сиукIыну, сщIэнур сыт?» Бегъымбарым къыжреIэж: «Iэдэм и къуэшым жриIам хуэдэу жыIэ. Уи Iэр къэпшиймэ сыбукIыну, си Iэр нэсшиижынукъым узукIыну, Тхьэм сыщошынэ». Бегъымбарми жеIэ мыпхуэдэу: «И сэшхуэ кърихам ущышынэмэ, уи щыгъыныр и нэкIум щIэдзи, гуэныхьыр езым къищтэнщ».

*ЗэзыдзэкIар* **КЕЛДЫ Сабрищ.**

**МафIэс къэмыхъуным кIэлъыплъынымкIэ къэрал IэнатIэм нобэ и махуэщ**

# ЯхузэфIэкIахэр мащIэкъым

**Бадзэуэгъуэм и 18-м илъэс 81-рэ ирокъу МафIэс къэмыхъуным кIэлъыплъынымкIэ къэрал IэнатIэ (ГПН) Урысейм къызэрыщызэрагъэпэщрэ.**

**IэнатIэщIэм и пщэ далъхьащ мафIэсхэр къэмыгъэхъуным, ахэр гъэункIыфIыным, мафIэсым зэрызыщахъумэ щIыкIэм кIэлъыплъыным, IуэхущIапIэхэр мафIэ зэрагъэункIыфI техникэрэ Iэмэпсымэхэм кIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа къалэнхэр, нэгъуэщIхэри.**

АБЫ ЛЪАНДЭРЭ блэкIа илъэсхэм мы IуэхущIапIэм къепщытэ организацэхэмрэ цIыхухэмрэ мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ хабзэм къигъэувхэр зэрагъэзащIэр.

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и ГПН-м щолажьэ зи Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI гуп зэкъуэт. Абы и унафэщIщ МафIэс къэмыгъэхъуным кIэлъыплъынымкIэ КъБР-м и къэрал инспектор нэхъыщхьэ Тенджыз Мухьэмэдин.

2007 гъэм IуэхущIапIэм и къудамэ нэхъыфIхэу ди республикэм къыщалъытащ Iуащхьэмахуэ куейм, Прохладнэ къалэмрэ Прохладнэ районымрэ, Бахъсэн къалэмрэ Бахъсэн районымрэ щыIэхэр.

Мы къалэн гугъур зыгъэзащIэхэм дэ дохъуэхъу зи гъащIэр мафIэ гъэункIыфIыным тезухуахэм, республикэм мы Iуэхур щызэтезублахэм, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и ГПН-м и лэжьакIуэ псоми. Ди гуапэщ абыхэм узыншагъэрэ ехъулIэныгъэрэ яIэну.

**ТЭТЭР Алисахь,**
*МафIэс къэмыгъэхъуным кIэлъыплъынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и къэрал инспектор нэхъыщхьэм и къуэдзэ.*